Èske oumenm oswa nenpòt moun ki abite avèk ou ap resevwa asistans oswa sèvis kounye a? ☐ WI ☐ NON 13

| SI SE WI, KIMOUN | KI KALITE ASISTANS | LOCATION RECEIVED | DATES RECEIVED |
|---|---|---|---|
| | | | |
| | | | |

Èske oumenm oswa nenpòt moun ki abite avèk ou te resevwa asistans oswa sèvis lontan? ☐ WI ☐ NON 14

| SI SE WI, KIMOUN (Tanpri, site tout ansyen non) | KI KALITE ASISTANS | LOCATION RECEIVED | DATES RECEIVED |
|---|---|---|---|
| | | | |
| | | | |
| | | | |

| NEEDED | REFERRALS | COMPLETED | CONSIDER |
|---|---|---|---|
| | Services | | ✓ SNAP Dependent Care Deductions |
| | UIB | | |

| LÒT ENFÒMASYON (SWIT) | WI | NON | KIMOUN |
|---|---|---|---|
| Èske omenm nenpòt moun ki abite avèk ou k ap aplike te sòti nan yon lòt konte Eta New York pou al viv nan konte sa a nan de dènye mwa yo. | | | |
| Èske oumenm oswa nenpòt moun ki abite avèk ou te janm koupab ak/oswa te diskalifye pou Asistans Piblik ak/oswa Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemantè (SNAP) akòz nan fwod/yon Vyolasyon Pwogram avèk Entansyon? | | | |
| Èske oumenm oswa nenpòt moun ki abite avèk ou te resevwa benefis ke yo pa te gen dwa pou resevwa, ke yo pa te remèt ajans sa a annantye oswa yon lòt ajans? | | | |
| Èske w oswa nenpòt moun nan kay ou te kondane pou fè fo deklarasyon oswa fo kay dekwa pou nou te resevwa Asistans Piblik nan de oubyen plizyè eta? | | | |
| Èske oumenm oswa nenpòt moun nan kay ou te kondane poutèt li t ap resevwa avantaj SNAP de fwa nan fwod nan nenpòt eta apre dat 22 septanm 1996? | | | |
| Èske oumenm oswa nenpòt moun nan kay ou te kondane poutèt li t ap vann oswa achte benefis SNAP pou yon montan konbine $500 oswa plis, apre dat 22 septanm 1996? | | | |
| Èske oumenm oswa moun nan kay ou te kondane poutèt li t ap vann benefis SNAP pou zamafe, bal oswa eksplozif, oubyen dwòg? | | | |
| Èske oumenm oswa nenpòt moun nan kay ou ap sove pou evite pouswit lajistis, prizon oswa anprizònman apre kondanasyon pou yon krim ki komèt oswa ki te eseye komèt epi lapolis dèyè nou? | | | |
| Èske oumenm oswa nenpòt moun nan kay ou te vyole pwobasyon oswa libète sou kondisyon dapre yon òdonans tribinal? | | | |

KONDISYON TRANSFÈ BYEN

Mwen te ☐ Mwen pa te ☐ vann, transfere oswa fè kado nenpòt nan pwopriyete mwen yo ba kenpòt moun pou m resevwa Asistans Piblik oswa Benefis SNAP.

| REQUESTED | DOCUMENTATION | IN FILE |
|---|---|---|
| | Educational Grant Worksheet | |
| | Child/Dependent Care Statement | |
| | Recoupments | |
| | Outstanding Overpayment | |
| | Pending Disqualification | |

**IF TOTAL EXPENSES (INCLUDING EXPENSES NOT USED IN THE BUDGET DETERMINATION) EXCEED INCOME (INCLUDING PA GRANT), EXPLORE HOW THE HOUSEHOLD IS MEETING ITS OBLIGATIONS.**

| | |
|---|---|
| Actual Expenses | $ |
| - Actual Income | $ |
| = Difference | $ |

| | YES | NO |
|---|---|---|
| Does Client Receive Contribution Towards Difference | ☐ | ☐ |

If Yes, From Whom? ____________________

**KONSIDERE**

- ✓ Depans Reyèl, ki gen ladan: abri, depans pou gaz/sèvis piblik, dlo, depans telefòn, elatriye.
- ✓ Abri Reyèl
- ✓ Depans Reyèl Gaz/Sèvis Piblik
- ✓ Depans Telefòn
- ✓ Depans Machin
- ✓ Lwe Mèb/Aparèy
- ✓ Kab Televizyon
- ✓ Ekolaj
- ✓ Depans Medikal Peye Avèk Lajan Pòch

**EMERGENCY CASH ASSISTANCE**

Is there an immediate need? If not, why not?

____________________

____________________

____________________

NOTES/COMMENTS

## AVI, TRANSFÈ DWA, OTORIZASYON, ak KONSANTMAN

**KOLÈK AK ITILIZASYON NIMEWO SEKIRITE SOSYAL –** Yo otorize pran Nimewo Sekirite Sosyal (SSN) pou chak moun nan kay la anrapò ak Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemantè (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP) dapre Lwa 2008 sou Koupon pou Achte Manje (nan vèsyon amande lwa a). Tout moun ki aplike pou SNAP dwe bay yon SSN pou yo ka resevwa avantaj yo. Si oumenm oswa nenpòt moun k ap aplike pa gen yon SSN, moun lan dwe aplike pou yon SSN nan Administrasyon Sekirite Sosyal (ale nan www.SSA.gov oswa rele 1-800-772-1213).

Nan sa ki gen pou wè ak tout lòt pwogram kote aplikasyon sa a egzije yon SSN, li obligatwa pou nou pran SSN yo, epitou nou gen otorizasyon sa a dapre youn oswa plizyè seksyon lwa annapre yo: Seksyon 205(c) nan Lwa sou Sekirite Sosyal (42 U.S. Code 405), Seksyon 1137 nan Lwa sou Sekirite Sosyal (42 U.S. Code 1320b-7) ak Seksyon 7(a)(2) nan Lwa 1974 sou Pwoteksyon Enfòmasyon Prive. Si w gen kesyon, gade liv ki bay esplikasyon (PUB-1301 Statewide-HA) oswa pale ak distri sèvis sosyal ou yo.

N ap rasanble ak itilize enfòmasyon nou pran yo pou detèmine si kay ou kalifye oswa kontinye kalifye pou resevwa asistans oswa benefis. Enfòmasyon yo pral sèvi pou verifye idantite, pou konfime salè travay yo ak revni ki pa salè, pou detèmine si paran ki absan kapab resevwa kouvèti asirans pou aplikan oswa benefisyè, pou detèmine si aplikan oswa benefisyè ka jwenn sipò pou timoun oswa pou mari/madanm epi pou detèmine si aplikan oswa benefisyè ka resevwa lajan oswa lòt èd. N ap verifye enfòmasyon sa yo nan pwogram konparezon sou òdinatè. Enfòmasyon sa yo ap sèvi tou pou kontwole si règleman pwogram nan respekte, epitou pou jesyon pwogram nan. Anplis itilizasyon enfòmasyon ou ban nou yo nan fason sa, Eta a pral itilize enfòmasyon yo pou prepare estatistik sou tout moun k ap resevwa benefis Asistans Enèji nan Kay (HEAP, Home Energy Assistance Program) (gade anba a).

Nou ka voye enfòmasyon sa yo ba lòt ajans Eta ak ba lòt ajans Federal pou verifikasyon ofisyèl, epitou ba otorite lapolis pou yo arete moun kap sove pou chape anba lalwa. Enfòmasyon nou ranmase anrapò ak aplikan ak benefisyè Asistans pou Fanmi ak Asistans Filè Sekirite, ansnam ak SNN yo, nou ka sèvi ak yo pou ede nan fòmasyon jiri yo. Si gen yon demann ranbousman SNAP kont lakay ou, nou ka voye enfòmasyon ki nan aplikasyon sa, ansanm avèk tout SSN yo, bay ajans federal ak eta yo, ak tou bay ajans kap fè rekouvreman kreyans prive, pou yo ka fè rekouvreman.

Nou pral sèvi ak kominike tou SSN moun nan kay la ki pa kalifye yo nan fason ki endike anwo a.

Anplis itilizasyon enfòmasyon ou ban nou yo nan fason sa, Eta a pral itilize enfòmasyon yo pou prepare estatistik sou tout moun k ap resevwa benefis HEAP. Eta a itilize enfòmasyon yo pou kontwòl kalite pou asire distri sèvis lokal yo fè pi bon dyòb yo kapab. Nou itilize enfòmasyon yo pou verifye kimoun ki founisè enèji ou epi pou peye sèten nan vandè sa yo.

---

**AVI POU PA GEN DISKRIMINASYON –** Enstitisyon an entèdi diskriminasyon sou baz ras, koulè, peyi kote moun fèt, andikap, laj, sèks, epi nan sèten ka relijyon ak kwayans politik.

Depatman Agrikilti Ameriken (USDA) entèdi tou diskriminasyon sou baz ras, koulè, peyi moun soti, sèks, kwayans relijyon, andikap, laj, kwayans politik oswa reprezay oubyen vanjans pou aktivite dwa sivil anvansa nan nenpòt pwogram oswa aktivite ke USDA a fè oswa finanse.

Moun ki gen andikap ki bezwen lòt mwayen kominikasyon pou enfòmasyon pwogram (pa egzanp, Braille, gwo karaktè, kasèt odyo, American Sign Language, elatriye.), dwe kontakte ajans (Eta oswa lokal) kote yo te aplike pou benefis yo. Moun ki soud oswa ki mal pou tande oswa ki gen andikap pou pale ka kontakte USDA nan Sèvis Relè Federal nan (800) 877-8339. Anplisdesa, enfòmasyon pwogram lan ka disponib nan lòt lang apa Angle.

Pou depoze yon plent diskiriminasyon pou Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemantè (SNAP), ranpli fòm Plent USDA pou Diskriminasyon Pwogram, (AD-3027) ke ou jwenn sou entènèt nan http://www.ascr.usda.gov/complaint_filing_cust.html, ak nan nenpòt biwo USDA, oswa ekri yon lèt adrese ba USDA epi bay enfòmasyon nan lèt la sou tout enfòmasyon yo mande sou fòm nan. Pou mande yon kopi fòm plent lan, rele (866) 632-9992. Soumèt fòm ki ranpli a oswa lèt ou an nan USDA pa:

(1) Lapòs: U.S. Department of Agriculture
Office of the Assistant Secretary for Civil Rights
1400 Independence Avenue, SW
Washington, D.C. 20250-9410

(2) Faks: (202) 690-7442 oswa

(3) Imèl: program.intake@usda.gov.

Pou nenpòt lòt enfòmasyon ki konsène pwoblèm nan Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemantè (SNAP), moun yo dwe swa kontakte nimewo liy dirèk USDA SNAP nan (800) 221-5689, ki nan lang Panyòl tou, oswa yo dwe rele Nimewo Enfòmasyon/Liy Dirèk Eta a (klike sou lyen an pou jwenn yon lis nimewo liy dirèk Eta a); ou ka jwenn yo sou Entènèt tou nan: http://www.fns.usda.gov/snap/contact_info/hotlines.htm.

Pou pote yon plent pou diskriminasyon konsènan yon pwogram k ap resevwa asistans finans federal nan Depatman Sèvis Sante ak Sèvis Sosyal Etazini Ameriken (HHS), ekri HHS Director, Office for Civil Rights, Room 515-F, 200 Independence Avenue, S.W., Washington, D.C. 20201, oswa rele (202) 619-0403 (pou pale) oubyen (800) 537-7697 (TTY).

Enstitisyon sa se yon founisè ki trete tout moun egalego.

---

**KONSANTMAN POU ANKÈT –** Mwen dakò ak nenpòt ankèt pou verifye oswa pou konfime enfòmasyon mwen te bay anrapò avèk demann mwen fè pou Asistans Piblik (PA), Medicaid, Benefis Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemantè (SNAP), Benefis Pwogram Asistans Enèji nan Kay, Sèvis oswa Asistans Gadri. Si yo mande m lòt enfòmasyon, m ap bay yo. M ap kolabore totalkapital avèk anplwaye Eta ak anplwaye Federal yo nan nenpòt Evalyasyon Kontwòl Kalite PA ak/oswa SNAP.

Si mwen aplike pou SNAP, Mwen konprann distri sèvis sosyal la pral mande epi sèvi ak enfòmasyon ki disponib nan Sistèm Verifikasyon Revni ak Kalifikasyon pou etidye aplikasyon mwen an, epi yo ka verifye enfòmasyon sa yo grasa lòt kontak anplis si yo jwenn diferans. Mwen konprann tou ke enfòmasyon sa yo kapab gen efè sou kalifikasyon m pou SNAP ak/oswa nivo Benefis SNAP mwen resevwa.

---

**KONSANTMAN POU DEVWALE ENFÒMASYON SEKRÈ ASIRANS CHOMAJ –** Mwen otorize pou Depatman Travay Eta New York (DOL) kominike ba Biwo Eta New York pou Asistans Tanporè ak Enfimite (OTDA) nenpòt enfòmasyon konfidansyèl ke DOL konsève pou Asirans Chomaj (UI, Unemployment Insurance). Enfòmasyon sa yo gen ladan dosye demann avantaj UI ak dosye salè. Mwen rekonèt OTDA, ansanm avèk anplwaye ajans Eta a ak ajans lokal yo k ap travay nan biwo distri sèvis sosyal lokal yo ap itilize enfòmasyon UI pou yo detèmine oswa pou yo verifye si mwen kalifye, epi montan Asistans Piblik, Medicaid, Benefis Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemantè, Benefis Pwogram Asistans pou Enèji nan Kay oswa Asistans Gadri, ke mwen te aplike pou jwenn nan aplikasyon sa a epi pou yo fè ankèt pou detèmine si mwen te resevwa benefis ke mwen pa te gen yon dwa pou resevwa. OTDA ka pataje enfòmasyon yo tou ak Biwo Eta New York pou Sèvis Timoun ak Fanmi (OCFS, Office of Children and Family Services) ak Depatman Sante Eta New York (DOH, Department of Health). OCFS pral sèvi ak enfòmasyon yo pou kontwole pwogram Asistans Gadri a.

---

**OTORIZASYON POU KOMINIKE ENFÒMASYON BA FOUNISÈ SÈVIS –** Mwen bay otorizasyon a distri sèvis sosyal la e Eta New York pou yo kominike enfòmasyon konsènan Asistans Piblik oswa benefis Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemantè ke mwenmenm oswa nenpòt moun nan kay mwen ke mwen kapab bay otorizasyon legalman onon li te resevwa, epi rezon ki fè sa se pou verifye si mwen kalifye pou sèvis ak peman ki gen rapò ak administrasyon pwogram ki ofri pa yon kontraktè Eta a oswa kontraktè lokal. Sèvis sa yo ka gen ladan, men se pa sa sèlman, sèvis plasman nan travay oswa fòmasyon ke yo bay pou ede mwenmenm oswa moun nan kay mwen jwenn yon travay ak kenbe travay la.

---

**RAPÒTE CHANJMAN –** Mwen dakò enfòme ajans lan **san pèdi tan** sou nenpòt chanjman nan adrès mwen, bezwen, revni, ak pwopriyete mwen, kondisyon granmoun ki enganm ki pa gen depandan (ABAWD, Able-Bodied Adult Without Dependents), kondisyon gwosès oswa aranjman pou viv, dapre tout sa mwen konnen oswa kwè.

Si mwen aplike pou Asistans pou Gadri, mwen dakò pou bay ajans lan enfòmasyon yo **imedyatman** sou nenpòt chanjman nan revni fanmi mwen, sou moun k ap viv lakay mwen, sou travay mwen, sou aranjman mwen fè pou gadri, oswa sou lòt chanjman ki ka afekte kalifikasyon mwen k ap kontinye oswa sou kantite lajan avantaj mwen.

---

**PENALITE –** Lwa Federal ak Eta prevwa amann pou peye, prizon oswa toulede si ou pa di verite lè w aplike pou Asistans Piblik, Medicaid, Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemantè, Sèvis oswa Asistans pou Gadri (Asistans, Benefis oswa Sèvis) oswa nenpòt kilè yo poze w kesyon pou konnen si w kalifye, oswa lakòz yon lòt moun pa di verite sou aplikasyon w nan oswa si w kalifye toujou. Amann yo ap aplike tou si w kache oswa pa mete deyò bagay ki konsènen premye kalifikasyon w oswa kalifikasyon w ki la toujou pou Asistans, Benefis oswa Sèvis, oswa si w kache oswa pa mete deyò bagay ki ta ka afekte dwa yon moun ou aplike pou li jwenn oswa kontinye resevwa Asistans, Benefis oswa Sèvis. Si ou se yon reprezantan

otorize, Asistans, Benefis oswa Sèvis sa yo dwe sèvi pou lòt moun nan, se pa pou tèt pa ou. Lwa Federal ak lwa eta yo prevwa nenpòt transfè byen pou mwens pase bon valè li sou mache a ke yon moun oswa mari/madanm yon moun fè nan 60 mwa yo ki anvan premye mwa kote moun nan ap ni resevwa sèvis etablisman swen enfimye ni te soumèt yon aplikasyon pou Medicaid, sa ka rann moun nan pa kalifye pou sèvis etablisman swen enfimye oswa sèvis adomisil ak kominotè pou yon peryòd de tan. Li ilegal pou kache enfòmasyon oswa bay fo enfòmasyon pou jwenn Asistans, Benefis oswa Sèvis.

---

**PENALITE DISKALIFIKASYON PWOGRAM ASISTANS NITRISYON SIPLEMANTÈ –** Nenpòt enfòmasyon ou bay anrapò avèk aplikasyon w pou Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemantè (SNAP), responsab federal, eta ak lokal yo gendwa verifye yo. Si nenpòt enfòmasyon enkòrèk, yo ka refize w Benefis SNAP. Yo ka pouswiv ou kòm kriminèl si ou fè espre pou bay enfòmasyon ki pa kòrèk ki afekte elijiblite w oswa kantite lajan benefis. Nenpòt moun ki kondane pou yon krim poutèt itilize, transfere, pran, chanje oswa posede volontèman kat otorizasyon SNAP oswa aparèy ki bay aksè, li gendwa peye amann jiska $250,000, pran prizon jiska 20 an, oswa toude. Moun nan ka sibi pouswit tou dapre lwa aplikab Federal ak Eta. Nenpòt moun ki vyole yon kondisyon pwobasyon oswa libète pwovizwa oswa nenpòt moun ki sove pou evite pouswit, gad oswa anprizonman pou yon krim e lapolis ap pouswiv li, moun sa pa kalifye pou resevwa benefis SNAP.

Yo ka jwenn ou pa kalifye pou SNAP oswa yo ka di ou komèt yon Vyolasyon Pwogram avèk Entansyon (IPV, Intentional Program Violation) si ou fè yon fo deklarasyon oswa deklarasyon pou twonpe, oubyen ou defòme, ou kache oswa kenbe enfòmasyon, nan lide pou w kalifye pou benefis oswa pou w resevwa plis benefis; ou achte yon pwodui ak avantaj SNAP avèk entansyon pou kapab jwenn yon lajan kach; pou fè sa ou jete pwodui a volontèman epi ou retounen veso a pou montan depo a; oswa ou komèt oubyen eseye komèt nenpòt zak ki reprezante yon vyolasyon lwa federal oswa lwa eta a ak objektif pou itilize, prezante, transfere, pran, resevwa, posede oswa fè trafik ak Benefis SNAP, kat otorizasyon oswa dokiman ki ka resèvi nan kad sistèm Transfè Benefis Elektwonik (EBT, Electronic Benefit Transfer). Anplisdesa, yo entèdi sa ki annapre la yo, epi ou ka pa kalifye ankò pou resevwa Benefis SNAP epi/oswa tonbe anba sanksyon pou aksyon ki gen ladan:

- Sèvi avèk benfis SNAP pou achte atik ki pa manje, tankou alkòl oswa sigarèt;
- Sèvi avèk benefis SNAP pou peye pou manje ou te achte sou kredi deja;
- Otorize yon lòt moun itilize kat EBT ou pou li ba w lajan kach, zamafe, bal oswa eksplozif, oubyen dwòg, osinon pou achte manje pou moun ki pa manm nan kay SNAP la; oswa
- Itilize oswa posede kat EPB ki pa pou ou, san konsantman pwopriyetè kat la.

Moun yo jwenn ki komèt yon IPV swa nan yon odyans administratif pou diskalifikasyon oswa nan yon tribinal federal, Eta oswa lokal, oswa li te siyen swa yon renonsyasyon dwa pu yon odyans administratif pou diskalifikasyon oswa yon akò konsantman diskalifikasyon nan ka ki refere pou pouswit jidisyè, moun sa pa pral kalifye pou patisipe nan SNAP pou yon peryòd:

- 12 mwa pou <u>premye</u> SNAP IPV a;
- 24 mwa pou <u>dezyèm</u> SNAP-IPV a;
- 24 mwa pou <u>premye</u> SNAP IPV ki baze sou yon tribinal ki jwenn moun nan te itilize oswa resevwa Benefis SNAP nan yon tranzaksyon ki ladan vann nan yon sibstans ki sou kontwòl (dwòg ilegal oswa sèten medikaman ki oblije gen preskripsyon yon doktè); oswa
- 120 mwa si yo jwenn moun nan te fè yon deklarasyon magouy konsènan kimoun li ye oswa kikote li rete, nan objektif pou resevwa plizyè Benefis SNAP anmenmtan, sof si li diskalifye anpèmanans pou yon twazyèm SNAP IPV.
  Mete sou sa, yon tribinal ka bloke yon moun nan patisipe nan SNAP pou yon lòt 18 mwa.

Yon moun ka diskalifye pou tout tan pou resevwa Benefis SNAP pou:

- <u>Premye</u> SNAP IPV ki baze sou yon tribinal ki jwenn moun nan itilize oswa resevwa Benefis SNAP nan yon tranzaksyon ki ladan van zamafe, bal oswa eksplozif;
- <u>Premye</u> SNAP IPV ki baze sou yon kondanasyon lajistis pou trafik Benefis SNAP pou yon kantite lajan konbine $500 oswa plis (trafik gen ladan itilizasyon ilegal, transfè, pran, modifye oswa posede kat otorizasyon SNAP oswa aparèy ki bay aksè);
- <u>Dezyèm</u> SNAP IPV ki baze sou yon tribinal ki jwenn moun nan te itilize oswa resevwa Benefis SNAP nan yon tranzaksyon ki gen ladan vann yon sibstans ki sou kontwòl (dwòg ilegal oswa sèten medikaman ki oblije gen preskripsyon yon doktè); oswa
- Yon <u>twazyèm</u> SNAP IPV.

---

**OBLIGASYON POU RAPÒTE/VERIFYE DEPANS NAN KAY** – Kay ou dwe rapòte depans gadri ak sèvis piblik pou nou ka resevwa yon dediksyon Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemantè (SNAP) pou depans sa yo. Kay ou dwe rapòte epi verifye peman lwaye/ipotèk, taks sou pwopriyete, asirans, depans medikal ak sipò pou timoun nou peye yon moun ki pa nan kay dekwa pou nou resevwa yon dediksyon SNAP pou depans sa yo. Si nou pa rapòte/verifye depans yo ki anwo, yo pral wè sa tankou yon deklarasyon kay ou fè ki di nou pa vle resevwa yon dediksyon pou depans sa yo ki pa-rapòte/pa-verifye. Yon dediksyon pou depans sa yo ka fè ou kalifye pou SNAP oswa ka ogmante benefis SNAP ou. Ou ka rapòte/verifye depans sa yo nenpòt kilè pi devan. Lèsa yo ta aplike dediksyon an nan kalkil benefis SNAP nan pwochen mwa yo, annakò ak règleman pou rapòte chanjman (gade nan Rapòte Chanjman pi wo a).

**REPREZANTAN OTORIZE PWOGRAM ASISTANS NITRISYON SIPLEMANTÈ –** Ou kapab otorize yon moun ki konnen sikonstans kay ou pou li aplike pou benefis Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemantè (SNAP) pou ou. Ou kapab otorize yon moun ki pa lakay ou pou resevwa benefis SNAP pou ou, epitou pou itilize yo pou achte manje pou ou. Si ou ta renmen otorize yon moun, ou dwe fè sa alekri. Pou otorize yon moun ou ka ekri non moun nan, adrès li, ak telefòn moun nan touswit anba, epi fè li siyen nan seksyon siyati ki nan fen aplikasyon sa a. Lè yon Reprezantan Otorize ap aplike sou non yon kay SNAP ki pa abite nan yon enstitisyon, Reprezantan Otorize ansanm ak yon manm adilt nan kay la ki responsab, yo toude dwe siyen epi mete dat nan seksyon siyati ki nan fen aplikasyon sa a, sof kay SNAP la te fè yon lòt jan epi deziyen Reprezantan Otorize pou fè sa alekri.

| **NON, ADRÈS AK NIMEWO TELEFÒN REPREZANTAN OTORIZE (TANPRI EKRI AN LÈT DETACHE):** |
|---|
| |

**ALOKASYON ESTANDA POU SÈVIS PIBLIK –** Mwen konnen benefisyè Asistans Piblik ak Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemantè (SNAP) kalifye dapre kategori revni pou Pwogram Asistans pou Enèji nan Kay (HEAP). Mwen konprann tou ke si mwen pa te resevwa yon benefis HEAP pi gwo pase $20 nan mwa kounye a oswa nan 12 mwa anvan yo, oswa yon benefis asistans enèji ki menmjan, mwen dwe peye pou chofaj oswa èkondisyone apa nan lwaye m dekwa pou mwen resevwa alokasyon sèvis piblik estanda chofaj/refwadisman (sa vle di, yon dediksyon) pou SNAP la. Mwen konprann Eta a pral itilize Nimewo Sekirite Sosyal mwen pou verifye bòkote vandè enèji nan kay yo ke mwen resevwa HEAP. Otorizasyon sa a gen ladan tou pèmisyon pou nenpòt nan founisè enèji kay mwen (ki gen ladan sèvis piblik mwen) kominike sèten enfòmasyon estatistik, ki gen ladan men se pa sa sèlman, kantite kouran mwen itilize pa ane, depans elektrisite, konsomasyon gaz, ki kalite gaz, depans gaz pou ane a ak istwa peman nan Biwo Eta New York pou Asistans ak Enfimite Tanporè, distri sèvis sosyal lokal ak Depatman Sante ak sèvis Imen Ozetazini pou mezire Rannamn Pwogram Asistans Enèji Kay ki gen Revni Fèb.

**DEVWALMAN ENFÒMASYON MEDIKAL** – Mwen dakò pou founisè swen prensipal mwen, nenpòt lòt founisè swen sante oswa Depatman Sante Eta New York (DOH) pou yo devwale nenpòt enfòmasyon medikal sou mwenmenm ak sou nenpòt manm nan fanmi m ke mwen kapab bay konsantman pou li, ba plan sante mwen ak nenpòt founisè swen sante k ap patisipe nan pran swen mwenmenm oswa fanmi mwen, depi sa nesesè lojikman pou plan asirans maladi mwen oswa founisè mwen yo reyalize tretman, peman, oswa operasyon swen sante; mwen dakò pou plan sante mwen ak nenpòt founisè swen sante devwale ba DOH ak lòt otorize federal, eta, ak ajans lokal yo, pou objektif administrasyon Medicaid; epi, pou plan sante mwen devwale ba lòt moun oswa òganizasyon, depi li nesesè lojikman pou plan sante mwen reyalize tretman, peman, oswa operasyon swen sante. Mwen bay otorizasyon pou devwale ba Biwo Eta New York pou Asistans ak Enfimite Tanporè (OTDA), Biwo Eta New York pou sèvis Timoun ak Fanmi oswa distri sèvis sosyal lokal la nenpòt enfòmasyon anrapò ak sante sou mwenmenm ak nenpòt manm nan fanmi m ke mwen kapab bay otorizasyon legalman pou li anrapò ak founi asistans ak sèvis ak kapasite mwen pou patisipe nan aktivite travay, ki gen ladan travay, depi li nesesè lojikman pou founi benefis Asistans Piblik; pou sèvis, ki gen ladan sèvis byennèt timoun; pou detèmine devwa aktivite travay ki apwopriye; pou detèmine nesesite pou aplike ak pou fè aplikasyon pou Benefis Revni Sekirite Siplemantè; pou tabli plan tretman ki apwopriye pou restore kapsite pou jwenn travay; ak pou detèmine kalifikasyon pou egzanpsyon nan limit tan swasant-mwa Eta a poiu resevwa asistans lajan kach. Si mwen oblije aplike pou benefis ke Administrasyon Sekirite Sosyal administre, yo ka devwale enfòmasyon ki presize anwo a ba Administrasyon Sekirite Sosyal. Mwen dakò tou enfòmasyon ki devwale yo ka gen ladan enfòmasyon sou mwenmenm ak manm nan fanmi mwen konsènnn VIH, sante mantal oswa abi alkòl ak sibstans, nan limit lalwa pèmèt sa, sof si gen yon ti kare ki tcheke anba a. Si gen plis pase yon granmoun nan fanmi an k ap antre nan yon plan sante Medicaid, siyati chak granmoun k ap aplike nesesè pou konsantman pou devwale enfòmasyon. Mwen konprann ke kapasite mwen pou bay konsantman yo pou devwalman enfòmasyon ki gen rapò ak nenpòt timoun ki minè ke mwen ka bay konsantman li rete nan limit mwen ka jwenn enfòmasyon konsènan tretman, dyagnostik ak pwosedi onon yo.

_______ Pa devwale enfòmasyon sou VIH / SIDA ______ Pa devwale enfòmasyon sou dwòg ak alkòl
_______ Pa devwale enfòmasyon sou sante mantal

**DEVWALMAN DOSYE EDIKASYON –** Mwen bay pèmisyon pou Depatman Sante Eta a ak depatman sèvis sosyal lokal la pou l:1) jwenn tout enfòmasyon sou dosye enfòmasyon edikasyon pa m ak/oswa pa timoun minè mwen yo, non yo nan dokiman sa, san bliye enfòmasyon ki nesesè pou reklame ranbousman Medicaid pou sèvis edikasyon ki gen pou wè ak sante; ak 2) founi bon jan aksè pou ajans gouvènman federal jwenn enfòmasyon sa yo pou rezon odit sèlman.

---

**DEVWALMAN ENFÒMASYON POU PWOGRAM ENTÈVANSYON BONÈ -** Si yo evalye pitit mwen pou patisipe, oswa l ap patisipe nan Pwogram Entèvansyon Bonè Eta New York, mwen bay otorizasyon pou distri sèvis sosyal ak Eta New York kominike enfòmasyon sou kalifikasyon pitit mwen pou Medicaid ba konte mwen oswa Pwogram Entèvansyon Bonè minisipal la pou yo ka chaje Medicaid.

---

**PWOGRAM SANTE TIMOUN/TINEDJÈ** – Mwen konprann si timoun mwen an gen Medicaid, li ka jwenn swen primè ak prevantif konplè, tankou tout tretman ki nesesè yo atravè Pwogram Sante Timoun/Tinedjè. Mwen ka jwenn plis enfòmasyon sou pwogram sa nan distri sèvis sosyal la.

---

**MEDICARE** – Mwen otorize peman ak "Medicare" (Pati B Tit XVIII, Pwogram Asirans Medikal Siplemantè) yo dwe fèt dirèkteman doktè ak founisè medikal pou nenpòt bòdwo alavni ki poko peye pou sèvis medikal ak lòt sèvis sante yo ban mwen pandan mwen kalifye pou Medicaid.

---

**RANBOUSMAN POU DEPANS MEDIKAL**

---

**MEDICAID –** Ou gen yon dwa nan kad aplikasyon ou pou Medicaid, oswa pandan de ane apati dat aplikasyon w lan, pou mande ranbousman depans ou te peye pou swen medikal, sèvis ak founiti ki kouvri ke ou te resevwa pandan peryòd twa-mwa ki anvan mwa aplikasyon w lan. Apre dat aplikasyon w lan, w ap jwenn ranbousman pou swen medikal, sèvis ak founiti ki kouvri yo sèlman si w pran yo nan men founisè ki patisipe nan Medicaid.

---

**TRANSFÈ ASIRANS/LÒT BENEFIS AK PEMAN DIRÈK –** Pou Asistans Piblik ak Medicaid, mwen dakò fè tout reklamasyon pou benefis asirans sante oswa aksidan, ak fè pouswit pou tout reklamasyon aksidan pèsonèl oswa nenpòt lòt resous mwen ka gen yon dwa pou jwenn, epi ak dokiman sa, mwen transfere resous sa yo nan distrik sèvis sosyal kote m ap fè aplikasyon sa a. Anplisdesa, mwen pral ede pou fè nenpòt benefis ki transfere disponib pou distri sèvis sosyal kote m ap fè aplikasyon sa a.

Mwen otorize pou yo fè peman yo dwe mwenmenm oswa moun nan kay mwen pou benefis asirans sante oswa aksidan dirèkteman ba distri sèvis sosyal ki apwopriye a pou sèvis medikal ak lòt sèvis sante yo bay pandan yo kalifye pou Medicaid.

---

**REKOUVREMAN MEDICAID –** Sito ou resevwa Medicaid, yon ka mete yon dwa konfiskasyon epi yo ka fè yon rekouvreman sou byen imobilye ou nan sèten sikonstans si ou nan yon enstitisyon medikal epi yo pa espere w ap retounen lakay ou. Yo ka rekipere MA ki peye pou ou nan men moun ki gen responsablite legal pou ba w sipò nan moman ou te resevwa sèvis medikal. MA ka rekipere tou depans pou sèvis ak prim ki pa te dwe peye.

Mwen konprann apati 1 avril 2014, si mwen jwenn Medicaid pa lentèmedyè New York State of Health:

- Pa gen dwa konfiskasyon y ap mete sou byen imobilye mwen anvan lanmò mwen.
- Rekiperasyon apati byen ki nan eritaj mwen kite lè m mouri rete sèlman nan montan Medicaid te peye pou pri swen nan etablisman swen enfimye, sèvis adomisil ak nan kominote, ak sèvis lopital ak preskripsyon medikaman ki gen rapò ak sa ke mwen te resevwa nan 55^yèm^ anivèsè nesans mwen oswa apre li.

---

**REKOUVREMAN ASISTANS PIBLIK –** Asistans Piblik (PA) ou resevwa pou oumenm ak pou moun ou responsab bay sipò legalman, yo ka rekipere yo apati pwopriyete oswa lajan ou posede oswa ke ou ka vin genyen. Yo ka mande w, kòm yon kondisyon pou resevwa PA, pou siyen yon kontra oswa ipotèk yon pwopriyete ou posede. Ranbousman taks ou yo ak pòsyon sa w genyen nan lotri ka sèvi pou repeye dèt ou genyen pou PA.

---

**OTORIZASYON POU RANBOUSMAN BENEFIS ASISTANS PIBLIK NAN REVNI SEKIRITE SIPLEMANTÈ RETWOAKTIF –** Mwen otorize pou Komisyonè Administrasyon Sekirite Sosyal (SSA) sèvi ak premye peman mwen nan Revni Sekirite Siplemantè (SSI); sa vle di peman SSI legalman mwen) pou ranbouse distri sèvis sosyal lokal la (SSD) pou Asistans Piblik (PA) ke SSD peye m apati lajan Eta oswa lajan lokal pandan SSA ap deside si mwen kalifye pou SSI. SSA p ap ranbouse SSD pou PA ki te peye avèk lajan federal.

M ap respekte otorizasyon sa sèlman si Eta a bay SSA yon avi pou endike ke <u>mwenmenm ak</u> yon anplwaye SSD siyen otorizasyon an. Eta a dwe bay avi a nan 30 jou almanak ki vini apre konparezon dosye SSI mwen avèk dosye Eta a. SSA p ap aksepte li apre 30 jou almannak. Olye sa, SSA ap voye ban mwen peman SSI ki pase yo dapre règleman SSA.

Yo ka sèvi sèlman ak premye peman SSI mwen. Si premye lajan mwen peye a plis pase kantite lajan mwen dwe SSD, SSA ap voye rès la ban mwen dapre règleman li yo.

SSA kapab ranbouse SSD nan de sitiyasyon:

(1) L ap ranbouse SSD si mwen aplike pou SSI, epitou si SSA jwenn mwen kalifye.
(2) L ap ranbouse SSD si yo rekòmanse ban mwen benefis SSI apre finisman an oswa sispansyon an.

SSA ap sèlman ranbouse SSD pou PA si li te peye mwen pandan lè m ap tann yon desizyon SSA sou kalifikasyon mwen. Sa rele "asistans pwovizwa". Peryòd la kòmanse: 1) avèk premye mwa mwen vin kalifye pou peman avantaj SSI, oswa 2) nan premye jou mwen rekòmanse SSI mwen ke yo te sispann oswa fini. Peryòd la gen ladan mwa kote SSI yo te kòmanse toutbon. Si SSD pa kapab sispann dènye peman PA mwen, peryòd la ap fini nan pwochen mwa a.

Nan egzakteman 10 jou apre SSA fin ranbouse SSD, SSD dwe voye ban mwen yon avi pou fè mwen konnen kantite lajan yo peye pou asistans pwovizwa a. Avi a ap fè mwen konnen tou SSA pral voye ban mwen yon lèt pou fè mwen konnen kijan SSA pral voye ban mwen nenpòt rès lajan SSI dwe mwen. Y ap fè mwen konnen tou kijan mwen kapab konteste yon desizyon eta a si mwen pa dakò avèk desizyon an.

Dapre règ li yo, SSA ka itilize dat mwen siyen otorizasyon sa a kòm dat mwen fèk vin kalifye pou SSI. L ap fè sa sèlman si mwen aplike pou SSI nan pwochen 60 jou yo.

Otorizasyon sa a aplike pou nenpòt aplikasyon SSI oswa kontestasyon mwen genyen kounye a k ap tann devan SSA. Otorizasyon sa a ap sispann si yo pran yon desizyon final sou dosye SSI mwen. Li fini lè SSA fèk peye mwen. Eta a ak mwen kapab dakò pou sispann otorizasyon an. Mwen dwe siyen yon nouvo otorizasyon ki konfòm avèk règ NYS si mwen re-aplike pou SSI apre otorizasyon sa a sispann, oswa si mwen fè yon nouvo demann pou SSI pandan mwen gen yon aplikasyon SSI oswa yon kontestasyon ki annatant.

Y ap ban mwen yon opòtinite pou yon odyans san patipri si mwen pa dakò avèk yon desizyon SSD te pran konsènan ranbousman an.

Mwen te resevwa yon kopi tiliv ki rele "Sa Ou Ta Dwe Konnen Sou Pwogram Sèvis Sosyal Yo". Mwen konprann sa ki di sou asistans pwovizwa.

---

**SIPÒ –** Lè li aplike pou jwenn, oswa lè li resevwa Asistans pou Fanmi (FA), Asistans Filè Sekirite (SNA) oswa Tit IV-E akèy familyal, sa fonksyone tankou yon transfè bay Eta a ak sèvis distri sosyal la de nenpòt dwa sipò nan men nenpòt lòt moun ke aplikan an oswa benefisyè a ka genyen pou pwòp tèt pa li oswa onon nenpòt lòt manm fanmi ke aplikan an oswa benefisyè a fè aplikasyon pou li pou asistans, oswa ap resevwa asistans pou li (Lwa Sèvis Sosyal, Seksyon 158 ak 348). Transfè sa a limite nan sèten sitiyasyon. Lòt seksyon nan aplikasyon sa gen ladan lòt transfè.

---

**TRANSFÈ DWA POU SIPÒ –** Mwen tranfere ba eta a ak distri sèvis sosyal nenpòt dwa mwen genyen pou jwenn sipò nan men moun ki gen responsablite legal pou ban m sipò ak nenpòt dwa mwen gen pou jwenn sipò onon nenpòt manm fanmi mwen aplike pou asistans pou yo, oswa m ap resevwa asistans pou yo. Lè m ap aplike pou jwenn, oswa lè m ap resevwa Asistans pou Fanmi oswa Asistans Filè Sekirite, transfè dwa sipò mwen an rete sèlman nan sipò ki ka enpoze pandan peryòd mwenmenm ak/oswa nenpòt manm fanmi resevwa asistans. Men, nenpòt dwa sipò mwen transfere ba eta a onon pa mwen oswa onon nenpòt manm fanmi anvan 1[mye] oktòb 2009, kontinye asiyen pou eta a.

---

**PWOGRAM ASISTANS POU ENÈJI NAN KAY –** Mwen konprann lè mwen siyen aplikasyon/re-konfiamsyon sa, mwen dakò ak nenpòt ankèt pou verifye oswa pou konfime enfòmasyon mwen te bay ak lòt ankèt nenpòt ajans leta otorize ki gen rapò ak benefis Pwogram Asistans Enèji nan Kay (HEAP). Mwen dakò tou pou kite yo itilize enfòmasyon mwen bay sou aplikasyon sa a nan rekòmandasyon nan pwogram asistans pou diminye konsomasyon enèji ak nan pwogram konpayi sèvis piblik pou moun ki pa touche ase lajan.

Mwen konprann Eta a pral itilize Nimewo Sekirite Sosyal mwen pou verifye bòkote vandè enèji nan kay yo ke mwen resevwa HEAP. Otorizasyon sa a gen ladan tou pèmisyon pou nenpòt nan founisè enèji kay mwen (ki gen ladan sèvis piblik mwen) kominike sèten enfòmasyon estatistik, ki gen ladan men se pa sa sèlman, kantite kouran mwen itilize pa ane, depans elektrisite, konsomasyon gaz, ki kalite gaz, depans gaz pou ane a ak istwa peman nan Biwo Eta New York pou Asistans ak Enfimite Tanporè, distri sèvis sosyal lokal ak Depatman Sante ak sèvis Imen Ozetazini pou mezire Rannamn Pwogram Asistans Enèji Kay ki gen Revni Fèb.

---

**ENFÒMASYON ATAK SEKSYÈL –** Si w se yon viktim atak seksyèl, ou gen yon dwa pou mande distri sèvis sosyal la enfòmasyon pou referans. Si ou mande enfòmasyon pou referans, distri sèvis sosyal la dwe ba w adrès ak nimewo telefòn pou nenpòt: 1) lopital lokal ki ofri sèvis egzaminatè legal atak seksyèl ki sètifye nan Depatman Sante Eta New York; 2) sant lokal pou kriz vyòl; ak 3) sèvis lokal pou defans, konsèy ak liy dirèk èd ki apwopriye pou viktim atak seksyèl. Anplisdesa, distri sèvis sosyal la dwe ba w nimewo Liy Dirèk Eta New York pou Atak Seksyèl ak Vyolans nan Kay: (800) 942-6906 ak (800) 818-0656 (TTY).

---

**SÈTIFIKASYON POU ASISTANS GADRI –** Si m ap aplike pou Asistans Gadri, Mwen sètifye revni fanmi mwen pa depase 85 pousan revni medyàn nan Eta a pou yon fanmi ki gen menm gwosè, epi resous fanmi mwen pa depase $1,000,000.

---

| **Mwen te li epi mwen konprann avi ki anwo la yo. Mwen konprann epi mwen dakò transfè, otorizasyon ak konsantman ki anwo la yo. Mwen sèmante epi/oswa mwen konfime, ak posiblite sanksyon pou fo temwayaj, ke enfòmasyon mwen te bay oswa ke mwen pral bay distri sèvis sosyal la, yo konplè epi kòrèk.** | | | |
|---|---|---|---|
| **SIYATI APLIKAN AN**<br><br>**x** | **DAT LI SIYEN** | **SIYATI MARI/MADANM OUBYEN REPREZANTAN POU PWOTEKSYON**<br><br>**x** | **DAT LI SIYEN** |
| **SIYATI REPREZANTAN OTORIZE**<br><br>**x** | **DAT LI SIYEN** | | |

**Mwen Dakò pou <u>Anile</u> Aplikasyon Mwen pou:**

☐ **Asistans Piblik (PA)** ☐ **Gadri Alaplas PA** ☐ **Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemantè (SNAP)** ☐ **Medicaid ak SNAP**

☐ **Medicaid ak PA** ☐ **Sèvis, ankontan Akèy Familyal** ☐ **Asistans Gadri** ☐ **Asistans pou Ijans Sèlman**

**Mwen konnen mwen ka re-aplike nenpòt kilè.**

**SIYATI APLIKAN/REPREZANTAN OTORIZE** **DAT LI SIYEN**

**x**

# NYS Agency-Based Voter Registration Form

**"If you are not registered to vote where you live now, would you like to apply to register here today?"**

- ☐ **YES** If you checked **YES**, please complete the **VOTER REGISTRATION APPLICATION** below
- ☐ **NO** because I choose not to register ***OR***
- ☐ I am already registered at my current address ***OR***
- ☐ I asked for and received a mail registration form

*If you do not check any box, you will be considered to have decided not to register to vote at this time.*

Signature ______________________ Date ___/___/___

Please Print Name ______________________

**Important!**

Applying to register or declining to register to vote will not affect the amount of assistance that you will be provided by this agency.

If you would like help filling out the voter registration application form, we will help you. The decision whether to seek or accept help is yours. You may fill out the application form in private.

Información en español: si le interesa obtener este formulario en español, llame al 1-800-367-8683

中文資料:若您有興趣索取中文資料表格, 請電: 1-800-367-8683

한국어: 한국어 한국어 양식을 원하시면 1-800-367-8683 으로 전화 하십시오.

যদি আপনি এই ফর্মটি ইংরেজীতে পেতে চান তাহলে 1-800-367-8683 নম্বরে ফোন করুন

Rev. 2/2015

## VOTER REGISTRATION APPLICATION (instructions on back)

☐ Yes, I need an application for an Absentee Ballot

**Please print or type in blue or black ink**

☐ Yes, I would like to be an Election Day worker

**1** **Are you a U.S. citizen?** ☐ **YES** ☐ **NO**
If you answered **NO**, do not complete this form

**2** **Will you be 18 years old on or before election day?** ☐ **YES** ☐ **NO**
If you answered **NO**, do not complete this form unless you will be 18 by the end of the year

**For Board Use Only**

**3** Last Name | First Name | Middle Initial | Suffix

**4** Address where you live (do not give P.O. box) | Apt. No. | City/Town/Village | Zip Code | County

**5** Address where you get your mail (if different than above) | P.O. Box, Star Route, etc. | Post Office | Zip Code

**6** Date of Birth

**7** Sex ☐ **M** ☐ **F**

**8** Telephone (optional) | Email (optional)

**10** The last year you voted | Your address was (give house number, street and city)
In county/state | Under the name (if different from your name now)

**9** **ID Number** (Check the applicable box and provide your number)
- ☐ New York State DMV number __ __ __ __ __ __ __ __ __
- ☐ Last four digits of your Social Security number __ __ __ __
- ☐ I do not have a New York State DMV or Social Security number

**11** **Political Party**

**I wish to enroll in a political party**

- ☐ Democratic party
- ☐ Republican party
- ☐ Conservative party
- ☐ Green party
- ☐ Working Families party
- ☐ Independence party
- ☐ Women's Equality party
- ☐ Reform party
- ☐ Other ______________

**I do not wish to enroll in a political party**

- ☐ No party

**12** **Affidavit: I swear or affirm that**

- I am a citizen of the United States.
- I will have lived in the county, city or village for at least 30 days before the election.
- I will meet all requirements to register to vote in New York State.
- This is my signature or mark on the line below.
- The above information is true, I understand that if it is not true, I can be convicted and fined up to $5,000 and/or jailed for up to four years.

Signature or Mark in ink ______________________ Date ___/___/___

## (Optional) Register to donate your organs and tissues

| | | |
|---|---|---|
| Last Name | | |
| First Name | Middle Initial | Suffix |
| Address | | |
| Apt Number | City/Town/Village | Zip Code |
| Birth Date | Sex ☐ M ☐ F | |
| Eye Color | Height Ft. In. | |

**By signing below, you certify that you are:**

- 18 years of age or older
- Consent to donate all of your organs and tissues for transplantation, research, or both;
- Authorizing the Board of Elections to provide your name and identifying information to DOH for enrollment in the Registry;
- And authorizing DOH to allow access to this information to federally regulated organ procurement organizations and NYS-licensed tissue and eye banks and hospitals upon your death.

DONATE LIFE New York State

Signature ______________________ Date ___/___/___

**Qualifications for Registration**

You Can Use This Form To:
- register to vote in New York State;
- change your name and/or address, if there is a change since you last voted;
- enroll in a political party or change your enrollment.

To Register You Must:
- be a U.S. citizen;
- be 18 years old by December 31 of the year in which you file this form (note: You must be 18 years old by the date of the general, primary, or other election in which you want to vote.);
- be a resident of the County, or of the City of New York at least 30 days before an election;
- not be in jail or on parole for a felony conviction; and
- not claim the right to vote elsewhere.

**Important!**

If you believe that someone has interfered with your right to register or to decline to register to vote, your right to privacy in deciding whether to register or in applying to register to vote, or your right to choose your own political party or other political preference, you may file a complaint with:

NYS Board of Elections
40 North Pearl St, Suite 5
Albany, NY 12207-2729
Telephone: 1-800-469-6872;
TDD/TTY users contact the New York State Relay at 711;
or visit our web site - www.elections.ny.gov

Your decision to register will remain confidential and will be used only for voter registration purposes. Anyone not choosing to register to vote and/or information regarding the office to which the application was submitted will remain confidential, to be used only for voter registration purposes.

## Verifying your identity

We will try to check your identity before Election Day, through the DMV number (driver's license number or non-driver ID number), or the last four digits of your social security number, which you will fill in Box 9.

If you do not have a DMV or Social Security number, you may use a valid photo ID, a current utility bill, bank statement, paycheck, government check or some other government document that shows your name and address. You may include a copy of one of those types of ID with this form.

If we are unable to verify your identity before Election Day, you will be asked for ID when you vote for the first time.

## To complete this form:

**It is a crime to procure a false registration or to furnish false information to the Board of Elections.**

*Box 9:* You must make one selection. For questions refer to Verifying your identity above.

*Box 10:* If you have never voted before, write "None". If you can't remember when you last voted, put a question mark (?). If you voted before under a different name, put down that name. If not, write "Same".

*Box 11:* Check one box only. Political party enrollment is optional but that, in order to vote in a primary election of a political party, a voter must enroll in that political party, unless state party rules allow otherwise.